Ассаламу гlалайкум!

# АХИХЪАН

№ 19 -20(7863)
8 Май
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

КIудияб Бергьенлъиялъ-80 Сон

## Бергьенлъигун, районцоял!



Жакъа нилъеца кIодо гьабулеб буго КIудияб ВатIанияб рагъулъ фашистазулаб Германиялда тIад бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул кIудияб байрам. ТIолабго Россиялъул халкъазда ва гьелъул бахIарчиял рагъулал къуватазда цадахъго гьеб къо гIатIидго кIодо гьабулеб буго СССРалде гъорлъе унел рукIарал тIолалго халкъаз ва фашистасдаса нилъер Армиялъ эркен гьарурал Европаялъул халкъазги.

Лъалеб букIахъего дунялалда рагъал гIемерал ккана. Амма инсанияталъул тарихалда жиндаса вахIшияб, балагькъварилъаби гIемераб, чIварал, араб бакI лъачIого г1адамал тIагIараб, рагъда сакъалъи ккун гIумроялъго инвалидаллъун гIемерал гIадамал лъугьараб рагъ букIинчIо-кIиабилеб дунялалъул рагъ гIадаб. Гьеб рагъалъ гъорлъе рачун рукIана дунялалъул тIолалгоязде гIагарун пачалихъал,ай 61 пачалихъ. Бида белъун букIана тIолабго планетаго. Америкалъул атомалъул бомбаялъ цо лахIзаталда жаниб рахъу лъугьинабуна, рухIун тIагIана Хиросимаялъул ва Нагасакиялъул халкъал. Дунялалда жакъаги гIодулел руго рагъул къурбаназда хадур миллионал гIадамал.

ТIолабго дунял квегъизе къасдалда рукIарал гитлерилал фашистазде данде гьабулеб рагъ лъугьана КIудияб ВатIаниялълъун. ТIолабго улка сверун букIана рагъулаб лагералде. Фронталда ва тылалда кинабго буссинабун букIана бергьенлъи босиялъе гIоло. «Кинабго фронталъе-кинабго бергьенлъиялъе гIоло!»-абураб лозунгалда гъоркь тIолабго Советияб халкъ бахъана фашизмалде данде рагъизе. Гьеб рагъда нилъер бахIарчияб халкъалъ бихьизабуна бахIарчилъиги къо хIехьейги. КIудияб бергьенлъи босиялъе аслияб къуватлъун ккана киналго миллатазул гьудуллъиги,цолъиги, гъункиги. ЦIакъ къиматалда чIана нилъее гьеб бергьенлъи. Гьеб рагъда нилъер улкаялъе камуна 27 миллион чи, Дагъистаналъе- 80 азарго чи. Гьедин гIемерал гIадамазул биги гIодобе тIун бахъараб буго нилъеца нахъегIанал фашистазухъа гьаб бергьенлъи. Нилъеца бетIер къулула рагъул авлахъаздаго хутIарал, гьениса тIад руссун рукIун гьанжелъизегIан ч1ого рук1ун хваразеги ва тылалъул бахIарзазеги. Гьез хIехьараб гIакъуба-къварилъиялъул бицун хIал кIвеларо...

Жакъа нилъеда тIадаб буго рагъул кьогIлъиялъул, гьелъ нилъер халкъалде босун бачIарабщинаб балагь-къварилъиялъул хIакъалъулъ ва кинаб къиматалда нилъее бергьенлъи щварабали гIун бачIунеб гIелалда бицине, гьел куцазе ккола ВатIан бокьиялъул рухIалда, нилъер умумузул бахIарчияб тарих лъалеллъун.

РакI-ракIалъ баркула районалъул тIолабго халкъалда Бергьенлъиялъул



Къо-9 Май. Гьарула чIахIиязе сахлъи, хадур гIолезе талихIаб, рохел гьарзаяб гIумру, гьарзалъаги нужер бергьенлъаби, цIунун таги нуж рагъ-кьалалъул балагьаздаса, щибаб хъизамалъе талихIрохел, икъбал, гIагараб ВатIаналъе районалъе гIоло гьарулел хIалтIабазулъ бергьенлъаби!

Бергьенлъиялъул байрамгун, хириял районцоял!

ГI. НУРМУХIАМАДОВ,
РАЙОНАЛЪУЛ
АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ БЕТIЕР

## Аппараталъул данделъи



5 маялда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гьабуна иргадулаб аппараталъул данделъи.

Данделъиялъул байбихьуда гьес баркала загьир гьабуна районалда праздниказда чуял риччаялъе санагIалъаби рукIинариялъул мурадалда тIобитIараб субботникалда гIахьаллъаразе, тIад чIей гьабуна заман-заманалдасан рацIаракъалъи гьабун сверухълъи бацIад чIезабиялъул кIудияб кIвар бугин.- Гьеб хасго хIажат буго чуял риччай тIадегIанаб даражалда иналъе,- гIадамазул цоцалъ гьуинлъи лъугьиналъе,- ян бихьизабуна бетIерас.

Хадуб Бергьенлъиялъул Къо гIуцIадго иналъе гьарулел хIалтIаби хехлъизаризе кколин бихьизабуна.

## Хваразул цIаралдасан

БукIунищ хваразе, жужахI, лъаларо,
Жеги чIагого гьеб бихьана дида,
ЧIваразе алжан щвей-эбги лъаларо,
Эниса вуссарав вихьичIо жеги.

Амма бихьана рагъ-балагьалъул рагъ,
Мегъалги хурзалги бица белъараб,
Лъимер эбелалъул каранда чIвалеб,
ЧIварай эбелалда лъимер хахулеб.

БукIана, гьудул, рагъ гьужумалдаса
Гьеб кканин бицине чи тIад вуссинчIеб,
ТIолго ротаялъул хъизамазухъе
Зигара бан кагъат цо къоялъ хъвараб.

Гьедин рагъана ниж цIадул коронир,
ЦIа нужеда хъвазе теларин абун.
Хадусеб гIелалъе гIумро цIунизе
ГIолохъанлъиялъе рокьи цIунизе.

ГIабдулмажид ХАЧАЛОВ.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 19-20 (7863)
Хамиз 8 Май
2025 сон



**«Солдат! Дур бухIуге ракI, рукIунге нерваби, рагъда гьел х1ажалъуларо. Дулъ букIине бегьуларо гурхIел-цIоб. ЧIвай кинав ватаниги гIурусав, советияв инсан, лъалхъунге, дуда цере херал яги руччаби, гIисинал васал ва ясал ругониги. ЧIвай гьел! Гьелъ мунго хвасар гьавизе вуго, гIуц1изе буго дурго хъизаналъул букIинесеб ва гIасрабазго машгьуравлъун вукIине вуго мун…!».**

**(194I соналда фашистазул командованиялъ Германиялъул солдатазде гьабураб хит1аб)**




Шапакъатазда ратичIел

# Биччанте гIолилазе дарслъун букIине

1939 соналда жиндирго гIелалъул гIолохъабазда цадахъ ВатIаналда цебе тIадаб налъи тIубазе армиялде ахIана Генуб росулъа ХIабибов Закаригаги. Росу рагIалде гIага-божаралги рахъун, нухда регIана гьев ва цогидалги гIолохъаби росуцояз.

Ленинградалда аскIоб бугеб Песочный абулеб гьитIинабго рагъулаб шагьаралда унел рукIана гьесул тIоцересел хъулухъалъулал къоял.

…РакIалдаго гьечIого хисана ахIвалхIал. КватIараб сардилъ гьал поездалда рекIана Зашейки абулеб гьитIинабго шагьаралде. Гьенир рана дагьалго къоял.



Ротаялъул командир Г1абидовас солдатал данде ахIизе команда кьуна. Закаригае даимго ракIалдаса унареблъун хутIана жиндирго кIалъаялъул ахиралда гьес абурал гьал рагIаби: «Гьалмагъзаби, солдатал! Нилъер улкаялде бачIун буго цIакъго кIудияб балагь. Ракълие гьабураб къотIиги хвезабун, гитлерилаб фашизм хиянатаб куцалда тIаде кIанцIун буго. ВахIшиял фашистаз мерхьунеб буго нилъер ракь, чIунтизарулел руго шагьарал, гъурулел руго гIайиб гьечIел гIадамал. Гьезул къасд буго нилъ хIакъираб гIумро гьабизе тIамизе. Йохъ, нилъ чIаго рукIаго гьеб букIине гьечIо. Эбелаб ВатIан цIунизин, гьалмагъзаби…!»

Рагъул байбихьудаго Баренцево ралъдада аскIоб бугеб Кольский чIинкIиллъиялъул порталъулаб шагьар Мурманскиялде хиял гьабулеб букIана гитлерилаз. Гьеб хъамалчилъиялдаса цIуниялъе щулалъи кквей букIана Закаригаца хъулухъ гьабулеб ротаялъул аслияб масъала. Гьеб букIана ункъабилеб батальоналъул тIоцебесеб пулеметнияб рота. Ралъдадасан ва гьаваялдасан гьужумал гьарулел рукIана гитлерилаз гьенибе. Гьеб порталъулаб шагьар цIунизе тIадеялдаса тIаде къуват рехулеб букIана нилъецаги. Щулалъи ккуразе И. В. Сталинил буюрухъ букIана, «Цо галиялъ нахъе къаге!»,-абун.

Гьеб буюрухъ намус бацIцIадго тIубазабулеб букIана солдатаз. Рагъ гьоркьоб къотIараб заманалда ротаялъул командирас гьезие бицунаан гьеб порталъулаб шагьаралъул улкаялъе бугеб кIвaралъул ва гьеб кодоса ани бугеб хвалилаб хIинкъиялъулги.

Кольский чIинкIиллъиялъул дагьабго бакI бахъун букIана гитлерилаз. I942 соналда къойилго тIаде кIанцIиялги гьарулел рукIана гьез гьенисан.

Щибаб рагъулъ чIахIиял камиялги кколан кIиябго рахъалъе. «ЦIад бан хадуб рукIунел гIисинал иххал гIадал чIварал гIадамазул бидул хIорал рукIунаан къватIахъан»,-ян пашманго ракIалде щвезабулаан Закаригаца жиндирго ва гьалмагъзабазул рагъулаб нухалъул бицунаго.

Мурманскиялда ункъабилеб батальоналъул кьвагьдохъабазул ротаялда ва разведкаялъул группаялда рукIана Унсоколоса ВухIамагIалиев ГIусман, ГIабдулаев КъебедмухIамад, ХарачIиса Камилги. Гьев чIван вуго I943 соналда. ЗахIматго лъукъун гIакълуялдаса арав Камил тIаде ворхизавун вуго Закаригаца. ЧIваркьун гьесда бадивеги валагьун, гьимун вуго гьев ва «дир эбелалда хIакъикъат бице»,- янги абун рухI босун буго. Рагъдаса тIад вуссун хадуй гIемер ячIунаан гьев чIварав солдатасул эбел дихъе,-ян бицунаан Закаригаца.

I944 соналъул июнь моцIалде щвезегIан щулалъи ккуна гьез Мурманскиялда. Бахъизе кIвеялда хьул къотIун, гитлерилаз рехун тана Кольский чIинкIиллъиялде гьарулел гьужумал ва гьелдаса хадуб гьал ритIула Украиналъул ракь хъамалчагIаздаса эркен гьабизе.

I943 соналъул ахирийал моцIаздаса нахъе гитлерилазул тIадекIанцIиязул къуват дагьлъула, гьез нахъе къазе байбихьана. Фашистаз нилъер ракьалда гьарулел вахIшиял ишаз ццим гьалаг гьабурал гьазул щивасул анищ букIана хиянатчагIи жидецаго рагъ байбихьараб бакIалде – Берлиналде щвезегIан хъамизе. Амма нилъер ракь тун хадуб Данский абулеб шагьаралде щведал Закаригае битI ккечIо. Кьвагьи гIодобцараб заманалда цо гьитIинабго лъарал рагIалда лъим гьекъезе танкалда жаниса къватIиве вахъунев гьев захIматго лъукъула. Гьеб букIана I945 соналъул март моцI.

КIудияб ВатIанияб рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гIезегIаналго шапакъатазе мустахIикълъун вукIана Закарига ХIабибов. Гьесие кьун букIана «Слава» орден, «Советияб Заполярье цIуниялъе гIоло» ва рагъ лъугIун хадур кьуралги рукIана гIезегIаналго медалал. Амма гьанже гьев нилъгун гьечIо.

ЗахIматго бахъана нилъер умумаз эркенлъи. Ракъун, къечон, хвалилаб хIинкъиялда гъоркь, щуго соналъ къеркьана гьелъие гIоло. Амма нилъер гIолилазда гьеб бичIчIулеб гьечIо. Гьелъие гIилла батизе бегьула Бергьенлъиялъул къимат гьезда бичIчIунгутIи ва лъалез бицунгутIи. Биччанте Закарига ХIабибовасул рагъулаб нух гIолеб гIелалъе дарслъун букIине.

**С. КЪЕБЕДМУХ1АМАДОВА**

# Цо-цо гьадинги ккана

**Унсоколо районалъул СЮТалъул вукIарав нухмалъулев ва тарих чи ХI. Ибрагьимовас, гьединго Хасавюрт шагьаралдаса тарихчи Б. Халилулаевасги гIемераб тарих бакIарун буго Унсоколо росулъа Матросовасул гьунар такрар гьабурав Сатар ГIабдулаевасул хIакъалъулъ. Гьесги Гастеллоцаго гIадин цIа рекIараб самолёт реч1чIизабуна тушманасул солдатазул цIураб гамида ва бахIарчиго хвана. Амма цIар-реццалда ватичIо гьев, кIудияб бахIарчилъи хутIана кIвар кьечIого. ГIемер руго гьедин гIумро-цIар гIадада арал бахIарзал. ТIадчIей гьабизе бокьун буго С. ГIабдулаевасул бахIарчиял ишазде.**

Гьале цо-цо баянал: **ГIабдулаев Г1абдулсатар Якъубович, I920 соналда гьавурав. ГIабдулусатар армиялде ана I940 соналда. Летчиказул школаги лъугIизабун, ана гьев фронталде. Гьев вукIана I3-абилел гьаваялъулаб армиялъул 277 штурмовияб авиадевизиялъул, I5 абилеб гвардиялъулаб штурмовияб авиаполкалда, ИЛ-2 штурмовик самолёталда фашистазде данде вагъулев Ленинградалъул фронталда. Гьев вукIана бахIарчияв, хIинкъи гьечIев ва гьунар бугев летчик-штурмовик. Халилулаевас бачIараб кагътида руго ГIабдулсатарил хIакъалъулъ цIиял баянал: Ленинград шагьар блокадаялдаса эркен гьабулаго ва фашистал нахъе хъамулаго ГIабдулсатирица I943 соналъул март-июнь моцIазда жанир ккарал рагъазулъ фашистазул армиялъе ккезаруна чIахIи-чIахIиял камиял. Гьеб къокъабго заманалда жаниб ГIабдулсатар гьаваялде вахъана I3 рагъулаб тIадкъай тIубазабизе ва гьес жинцаго гьеб къокъаб заманалда чIунтизабуна фашистал 8 автомашина, 26 железно-дорожнияб вагон, гьес чIвана немцазул солдатазул взвод, хвезабуна 6 зенитнияб гIарадабазул установка, хвезабуна цо паровоз ва 6 гьоко-чугун рекIарал. I943 соналъул I0 октябралда ГIабдулсатар жиндирго гьалмагълъигун цадахъ гьаваялде вахъана баркътIерхьудехун рагъулаб разведкаялъ. Гьезда ракьалда халлъана фашистазул рагъулаб кIудияб коллона.Бер къапичIого ГIабдулсатарица байбихьана фашистазде рагъулаб гьужум гьабизе ва бергьенлъиялда тIад вуссана фашитазул 25 вагонги цо паравозги тIагIинабун.**

**I943 соналъул 5 ноябралъ ГIабдулсатарица гьаваялдасан рагъулаб кьаби щвезабуна Ленинградалдаса нахъе къан лъутун унел фашистазул аскаразда. Гьеб къоялъул рагъулаб хIасиллъун букIана ГIабдусатарица чIвараб фашистазул взвод гIанисел солдатазул отряд, 7 машина ва цоги- цогидабги рагъулаб техника. Гьединал рагъулал бергьенлъаби гIемер росана Ленинградалъул рагъулаб фронталда. Гьесие гьел бахIарчиял гьунаразухъ щун рукIана чIаго вукIадго цо чанго рагъулаб орден ва медаль. Гьесда абулаан гьаваялъул лаченилан (воздушный асс) гьаваялъул бахIарчи,-абун.**

**I944 соналъул март моцIалда Нарваялъул ва Псковалъул ракьазда ва Балтика ралъдал рагIалда ккана гIассиял рагъал. БагIараб армиялъ щибаб къоялъ росулел рукIана фашистазул аскаразда тIад чIахIиял бергьенлъаби. Гьел бергьенлъабазулъ букIана ГIабдулсатарил ц1ик1к1араб бутIаги.**

**I944 соналъул I9 марталъ «Красное село» абулеб росдада аскIоб жиндирго рагъулал гьалмагъзабигун цадахъ ГIабдулсатарица тIагIинабуна фашистазул 40 гьоко-чу,I0 автомашина ва батальон, ц1ик1к1араб къадар фашистазул солдатазул. Гьеб букIана нилъер ракьцоясул кIудияб бахIарчияб гьунар.**

**I944 соналъ нахъе къалел ва лъутун унел фашистаз хвалилаб къеркьей гьабулеб букIана БагIараб Армиялде данде ва рагъде рехулел рукIана цIи-цIиял жидерго рагъул аскарал.**

**I944 соналъул 20 марталда бакътIерхьудасан гьаваялдасан, ракьалдасан ва ралъдадасан фашистаз байбихьана БагIараб Армиялде данде цIияб гьужум, ГIабдулсатар жиндирго самолеталда гьаваялде вахъана ва байбихьана фашистазул аскаралде тIаде бахIарчияб гьужум гьабизе. ГIабдулсатарица гьеб къоялъги кIудияб ками ккезабуна фашистазул аскаралъе. Амма гьеб къоялъ ГIабдулсатарил самолеталда щвана ракьалдасан речIчIараб зенитнияб установкабазул цо чанго анцIго хвалилаб гулла. ГIабдулсатарил рес букIана бортун унеб самолёт жибго тун, гъоркье паращюталъ кIанцIизе. Амма ГIабдусатарица жиндирго самолет балагьизабуна ралъдада тIад гIагарлъухъ халлъараб фашистазул кIудияб гамиде ва бахIарчиго хвана фашистазе кIудияб камиги ккезабун. Гьес такрар гьабуна Совет Союзалъул БахIарчи, Николай Гастеллоца гьабураб рагъулаб гьунар. Нилъер ракьцоясул хIакъалъулъ гьебгощинаб лъикIаб хабар бицун нилъехъе кагъат хъварав Хасавюрталдаса Халилулаевасе бокьун буго кьезе ракI-ракIалъулаб баркала ГIабдулсатарил гIагарлъиялъул ва Унсоколо росдал жамагIаталъул рахъалдасана.**

**ХIажи Ибрагьимов**
**Унсоколо росу**

ДандчIвай

# Аслиял рахъазде-кIвар



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас

дандчIвай гьабуна нилъер тахшагьаралъул спорталъул ва туризмалъул рахъалъ управлениялъул нач. М. МирзахIажиевасулгун. Гьес бетIерасда баркана цIидасан муниципалитеталъул бетIерлъун вищи, божи загьир гьабула хадуб ккун гьудуллъиялда цадахъ рекъон х1алт1иялде.

Аслиял суалаллъун гьезул дандчIваялъул рукIана гIолилазда гьоркьоб спорт, туризм цебетIезаби, кIвар буссинабуна цадахъал проектал хIалтIизариялде, гьезда гьоркьоре ине руго гIумро гьабиялъул сахаб къагIида, церетIурал спортсменал кквей, гьел машгъур гьари гIадал рахъал.

ДандчIвай ана цоцада ричIчIиялъул ахIвал-хIалалда. Гьенирго рихьизаруна цадахъ рекъон спорталъулгун социалияб бутIабазда гьаризе рес бугел рахъал.

# РакIалда хутIулеб тадбир



29 апрелалда тарихияб букIон «АхIулгохIда» букIана «Россия-нилъер рукъ г1аданлъиялъулгун Ват1ан бокьиялъул» автопробег. Гьеб ана «Бергьенлъи киназего цо буго», «Афганистаналъул ветераназда кинабго ракIалда буго»-абулел ахIиязда гьоркь. КIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIана гьеб.

Саламалъулал рагIабигун тадбир бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М.ХIамзатовас. Гьес тIадчIей гьабуна халкъалъул тарих цIунун хутIиялъе гьадинал тадбиразул цере рахъин Гумбет районалъул «Рагъулаб вацлъи» абураб рагъул гIахьалчагIазул ДРОялъул отделениялъул нухмалъулев М-Р. Сулеймановас гьабунин.

Тадбиралда бицана аваразул бах1арчияв халкъалъул. Имам Шамилил хIакъалъулъ кучIдул цIалана ГIашильтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз. Афганалъул рагъул къиматал тарихиял хIужабигун дандельаразда цеве кIалъана тарихчи И. Ибрагьимов.

Тадбир бачана районалъул культурияб отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас. ГIахьаллъараз мустахIикъаб баркала загьир гьабуна тадбир г1уц1арав «АхIулгохI» музеялъул нухмалъулев С-М. ГIалиевасе. Гьедин автопробег лъугьана араб ракIалда хутIулеб ва ВатIан бокьиялъулгун цолъиялъул тарбия кьолеблъун .

Субботник

# Сверухълъиялъе-бацIалъи

26 апрелалда районалда букIана районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдухаликъовасул хIаракатлъиялдалъун гьабулеб экологиялъулаб субботник. Аслияб къагIидалда гьеб бухьинабун букIана кIудияб Бергьенлъиялъ 80 сон тIубаялде.



Субботникалда гIахьаллъана РДялъул ТIабигIаталъул ва Экологиялъул, РДялъул захIматалъул ва социалияб церетIеялъул министерствабазул вакилзаби, тIаде рач1аразул къадар бахана I00 гIагарун чиясде. Гьез бацIад гьабуна Рихьуни лъел хIорил сверухълъи , аслияб къагIидаялъ кIвар кьуна заралияб пластикаялъулаб муссоралдаса хIорил сверухълъи бацIад гьабиялде.

# КIвар букIинабула

5 маялда районалъул администрациялдеги ах1ун бетIер ГI. НурмухIамадовас районалъул росабазул бутIрулгун данделъи тIобитIана. Аслияб суалгун гьелъул букIана КIудияб Бергьенлъиялъул Къо мустахIикъаб куцалда кIодо гьабиялъе гьаризесел тадбиразде гьезул пикру буссинаби.

- Гьеб буго гьабсагIаталда бищунго кIвар кьезе кколеб рахъ- ян абуна бетIерас. - Тадбир тIобитIи кколаро гIицIго юбилей кIодо гьаби, гьениб кIвар кьезе ккола нилъер жакъасеб гIумро лъикIаб букIиналъе гIумро яги гIолохъанлъи кьурал ракIалде щвезари, гьезул ми-



салалда гIолеб гIел куцай, гьеб мурадалъе цадахъ жига-раб хIалтIи бачине ккола.

Данделъиялда байрам тIобитIиялъе жидерго пикраби загьир гьарула бут1руз, гьенире гьоркьоре рачана майданал берцинго къачIай, тIоритIулел ишазда магIна бук1ин.

# Рихьуниса бахIарчи-нилъер чIухIи

ВатIан цIунулаго фронталда чIварал 57 рихьундерил гIолохъабазда гьоркьоб букIана ХIусейнов МухIамад МухIамадовичасулги цIар. ВатIанияб рагъул архивалъул баяназда рекъон ва церехун дица цIар рехсарал рихьундерил гIолохъабазул биценазда рекъонги ХIусейнов МухIамад гьавун вуго Рихьуни росулъ I925 соналъ. МухIамадил эбелалда цIар букIана Занкияева АгIищат, инсуда цIар букIана МухIамадов ХIусен МухIамадович. ХIусейнов МухIамадил лъимерлъиялъул гIумро ана гIагараб Рихьуни росулъ.

Гьеб букIана пачаясул хIукуматги бихун, цIияб Советияб хIукумат гIуцIулеб заман. Гьеб заманаялъул гIелалда бихьана гIисинго ракъиги, захIмалъиги, къварилъиги. ГьитIинго вукIаго эменги хун, МухIамад ккана эбелалъул цIобалде. МухIамадица хIаракат бахъулеб букIана сундулъго эбелалъе кумек гьабизе. Цадахъго лъикIал къиматазда цIалана школалда. I940 соналъ анкьго соналъул школаги лъугIизабун, МухIамадица пикру гьабуна кинаб букIаниги махщел щвезе тIалаб гьабизе ва гьев цIализе уна Каспийск шагьаралда букIараб рагъулаб заводалда цебе рагьараб училищеялде. Цо лъагIелалъ училищеялдаги цIалун, МухIамадие щола станокалда хIалтIулев слесарасул махщел ва I94I соналъул май моцIалъ гьев витIула Свердловский областалъул Камышловское шагьаралда букIараб рагъулаб заводалде хIалтIизе.

I94I соналъул 22 июналъ байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Рагъ байбихьарал тIоцересел къоязго МухIамадицаги гIарзаги кьун ВатIан цIунизе фронталде ине пикру гьабула. КигIан бокьаниги МухIамад фронталде витIичIо, щайгурелъул гьев жеги гьитIинго вукIана. МухIамад жиндирго гьалмагъгун 2 соналъгIаги хIалтIана гьеб рагъул заводалда. Гьел саназ МухIамадгун цадахъ цIалулев ва хIалтIулев вукIана цойги Рихьуни росулъаса гIолохъанчи АхIмадов МухIамадги. ВатIан цIунизе фронталде ине гьезул букIана кIудияб гьира. I943 соналъул I ноябралъ, жиндир гIумроялъул I8 сон тIубайдал ХIусейнов МухIамад кьун гIарзагун фронталде витIана Свердловский областалъул Камышловское шагьаралъул рагъулав комиссарасул буюрухъалдалъун. Рагъулаб архивалъул баяназда рекъон ХIусейнов МухIамад ВатIанги цIунун бахIарчиго вагъулев вукIана тIоцебесеб Украинаялъул фронталъул, I3-абилеб армиялъул,5-абилеб рекIаразул корпусалъул,8- абилеб рекIаразул дивизиялъул, 29-абилеб рекIаразул полкалъул минометазул батареязул кьеразда гьорлъ, минометалъул наводчиклъун. ХIусейнов МухIамадица цIикIкIараб бахIарчилъи бихьизабуна Украинаялъул бакътIерхьудехун бугеб Ровенское об-ласталъул Дубно шагьар I944 соналъул январь моцIалъ фашистаздаса эркен гьабулаго. Жиндирго минометалъул расчеталъул командир захIматго лъукъидал ХIусейнов МухIамадица командирасул иш жиндаго тIаде босула ва гьесул минометалъул къвагьияз фашистазул аскаразе гIемералкамиял ккезаруна. МухIамадил минометалъул къвагьиялъ фашистазул отрядал нахъе къазарула ва жиндирго полкалъул рекIаразул эскадронал церехун ине рес кьола.

Гьел вахIшиял ва гурхIел гьечIел рагъазулъ МухIамадил минометалъул къвагьиялъ чIвана фашистазул I0 чи ва хвезаруна фашистазул 4 пулеметазул щулалъаби. Амма фашистазул бутIруз церехун къотIулел рукIана цIицIиял рагъул отрядал ва танкаби. ХIусейнов МухIамадица жиндирго къокъагун щулалъабиги гьарун, нахъеги лъикIаб къаби щвезабуна фашистазул хъамалчагIазда. Жиндирго минометалъ къвагьизе минаби лъугIидал МухIамадица кодобе босула рагъда чIварав гьалмагъасул автомат ва гIужилаб къвагьиги щвезабун, тIагIинавуна фашистазул 27 солдат. Нахъеги МухIамадил щулалъаби рихьизаризе фашистазул командирас гьесде тIаде ритIула жибго билъанхъулеб гIарада «Фердинанд» ва гIемерал фашистал. Гьеб фашистазул цIар рагIараб «Фердинанд» гIарада МухIамадица цо чанго гранатабиги тIаде рехун щущахъ биххизабула. Нахъеги,фашистазул лъабабилеб тIадекIанцIиялда МухIамадица жиндирго автоматалдасан нахъойги ракьалда лъола фашистазул 7 чи ва гьелдаса хадуб рагъул



авлахъалдаса хвасар гьарун нахъе росана горбодаги чIван рагъда лъукъарал жиндирго 3 рагъулав гьалмагъ ва нахъе босун цIунана жиндирго минометги. Украинаялъул ракь фашистаздаса эркен гьабун хадуб Советияб Армиялъ I944 соналъул ихдал байбихьана Европаялъул халкъал фашизмаялъул кверщаликьа эркен гьаризе. Гьеб соналъ МухIамад вагъулев вукIана кIиабилеб Украинаялъул фронталъул аскаразул мухъилъ Венгрия ва Словакия фашистаздаса эркен гьабиялъул рагъазулъ. Венгриялъул Хайлу-Собосло шагьар эркен гьабулаго I944 соналъул I2 октябралъ ХIусейнов МухIамадица нахъойги рагъулъ бихьизабуна кIудияб бахIарчилъиги, гьунарги. Гьел рагъазулъ МухIамадица тIубазабулеб букIана эскадроналъул командирасул бухьенчиясул хъулухъ ва гьес щулияб бухьен чIезабун букIана эскадроналъул рагъулал взводазда гьоркьоб. Гьеб рагъулъги МухIамадица гIужилаб къвагьиги гьабун, нахъойги тIагIинабуна цойги фашистазул къокъа. Венгриялъул халкъги фашистазул лагълъиялдаса эркен гьабун, кIиабилеб Украинаялъул фронталъул аскараз байбихьана Словакия эркен гьабизе.I945 соналъул 30 марталъ ХIусейнов МухIамадица гIахьаллъи гьабуна Дунай гIоргги бахун, бакътIерхъудехун ругел Словакиялъул шагьарал ва росаби эркен гьарулел рагъазулъ. МухIамадица Дунай гIор цересел кьеразда цадахъ бакътIерхьудехун бахуна ва гьенир фашистазул шулалъаби къвагьизарула.Гьелъ рес кьола советиял аскаразул рекIаразул эскадроназ Дунай гIор бахине ва церехун ине.Гьеб рагъулъги МухIамадица кIудияб бахIарчилъи бихьизабула, амма гьеб рагъулъ гьев цIакъ захIматго лъукъула. ХIусейнов МухIамад рагъулал гьалмагъзабаз кумекги гьабун хех гьабун вачуна Украинаялъул Дубно шагьаралда гIагарлъухъ букIараб рагъулаб госпиталалде. Амма МухIамад хвалилал ругъназдаса врачазда сах гьавизе кIвечIо ва I945 соналъул 2 апрелалъ захIматал ругъназ хвана. Гьев вукъун вуго Украинаялъул Дубно шагьаралъул гIагарлъухъ бугеб Великое Шенковице абулеб росулъ вацлъиялъулаб хабалазулъ.

ХIусейнов МухIамадица КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъи гьабуна I943 соналъул II ноябралдаса байбихьун I945 соналъул 30 марталде щвезегIан. Дица хIисаб-суал гьабидал МухIамадица гьеб цо лъагIелги бащдаб гIанасеб заманаялда чIван вуго 70 гIанисев фашистазул солдат, къвагьизабун буго фашистазул жибго билъанхъулеб гIарада «Фердинад», биххизабун буго 5 пулеметалъул щулалъи. Гьел бахIарчиял гьунаразе гIоло гьесие чIаго вукIаго Совет Армиялъул командованиялъ кьун руго гьал хадусел шапакъатал: Орден Красного Знамени, Орден Славы 3-й степени, медаль «За Отвагу». Бищунго кIудияб шапакъатлъун букIанаан гьесие; полкалъул командир майор Симбуховскияс, дивизиялъул командир генералмайор Павловас ва корпусалъул командир генерал-майор Соколовас гъулбасараб документалда I944 соналъул I2 марталъ чIван къотIун хъвалеб бугеб ХIусейнов МухIамад МухIамадович Совет Союзалъул бахIарчиясул цIар кьезе мустахIикъав вугилан гьабураб хъвайхъвагIай г1умроялде бахъарабани. Амма гьеб документалъул къисмат кин ккарабали бичIулеб гьечIо. ХIусейнов МухIамадие Совет Союзалъул бахIарчиясул цIар кьечIого щай хутIарабали бигьаго лъазе кIолеб гьечIо. Гьеб лъазе ккани цIакъ гIемер хадур лъугьине ккола документазда. Щиб лъалеб, КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул хIурматалда пачалихъалда



тIоритIулел хIалтIабазда цадахъ нилъ хадур чIани, гьев мустахIикъав бахIарчиясе, Рихьуниса ХIусейнов МухIамадие, гьесие кIиго генералас кьезе мустахIикъав вугилан абураб Россиялъул бахIарчиясул цIар кьезеги бегьула. Дир хьул буго гьесул гIагарлъиялъ, хасго рихьундерил росдал бажари бугел жамгIиял хIаракатчагIаз ва Унсоколо районалъул нухмалъулез гьев бахIарчияв рихьундерил вас ХIусейнов МухIамадие мустахIикъаб Россиялъул бахIарчи абураб цIар щвеялъе бажарарабщинаб хIалтIи гьабилилан. Районалъул тарихчи хIисабалда дида бажарарабщинаб дицаги гьабуна ва хадубги гьабизе буго, Аллагьас хъван батани.

**ИБРАГЬИМОВ ХIАЖИ ХIУСЕЙНОВИЧ,**
**краевед**

# Берлиналде рагъ щвезабурав

**«В лесах Подвельем»-абураб фильмалда бицунеб буго Белоруссиялъул фронталда ккарал рагъазул. Гьеб фронталда рагъулезда гьоркьов вукIана Рихьуни росулъа Г1адалаев Ах1мадги…**

Советияб Армиялда хъулухъ гьабизе Львовалде ккана АхIмад. Дагьалго моцIал ун рукIана хъулухъалъул, вукIана пограничниклъун, тIубазабулаан шоферасул ишги. I94I соналъул 22 июнь, хIалхьиялъул гIадатияб къо, радал мех. Цо-цо солдатал рукIана гьумер-кIал чурулел, цоял радалисеб зарядка гьабулел, лъабабилел, къасисел пограничникал хисизе ине хIадурлъулел. РакIалдаго гьечIого бакIалъулаб радиоялдасан «ГIинтIаме»,-ян байбихьигун кьолеб передачаялъ щивав тIубазабулеб ишги тун, цIорон эхетун хутIана. Радиопередача лъугIилалдего солдатал кьералда чIезе буюрухъ кьуна командирас. Заманго иналде Львовалда тIад рорженхъизе лъугьана фашистазул самолетал...

Ракълие гьабураб къотIиги хвезабун, хиянатаб куцалда фашизмалъул хъамалчагIи тIаде кIанцIиялъ захIматаб ахIвал-хIалалде ккезабуна нилъер улка. I94I-I942 сонازда тушманас чIунтизаруна гIемерал шагьарал, чIвалел рукIана гIайибго гьечIел гIадамал, байбихьуда рагъде гIураб хIадурлъи гьечIолъиялъ, нилъ нахъе къазе кколел рукIана. Амма тушманасда дандечIей киса-кибего букIана. Самолетаз зама-заманалда тIаде ралел рукIана бомбаби. Львовалде рагъ щвана 27 июлалда. ХIалуцарал рукIана Львовалда. Киевалда, Новгородалда ккарал рагъал. Рагъ тIаде щварал бакIаздаса бакъбаккуде поездал цIун ритIулел рукIана лъимал, херал. Заманго иналде щущазаруна гьел шагьарал. Сверун ккун букIана жеги Новгород. ГIассияб рагъдаса хадуб гьеб шагьарги немцаз бахъана. Обинский Обреч абулеб бакIалда сверун ккун букIана АхIмад вагъулеб рота, букIинчIо гулла-хер, кванaзе жо. Гьенив лъукъана АхIмад ва ккана пленлъун. Немцаз пленалъ ккурал гьел рачунел рукIана церехун.

Ракълилаб гIумруялдаги кинго кIочене кIоларо гьеб пасатаб заманалъул гIассиял суратал,-ян ракIалде щвезабулаан АхIмадица. – ГIемерисел лъукъарал, кванaзе жо щвечIого рухI арал нижеда нухда унагоги гитлерилаз вахIшияб зулму гьабулаан. Рилъанхъизе кIвечIого нахъа хутIани, тункIил хъундагъалъ церехун тункулаан, гIодор ккани малаца рухулаан. Гьедин рачунел нижеда нухда ратулаан гIакъуба кьун чIварал, гIурдузда ран гъанкъарал гIадамал. Ниж щвана Полтаваялде концлагералде. Бицине хIал кIвеларо гьениб нилъер гIадамазе кьураб гIакъубаялъул. Нижее кваназе кьолаан чIакIултIан, хъабахъ, капуста тIокIаб щибго жо цадахъ гьечIого. Концлагералда баккана дизентерия, цоги батIи-батIиял унтабиги. Къойида жаниб 60 ялде гIагарун чи холаан. Хваразда бахиллъун рукIунаан ниж, амма ВатIаналда цере хилиплъичIолъи лъазе гIоло, чIаго хутIизе хьулги букIана. Цо сордоялъ Полтаваялде нилъер самолетаз гIарада бана, нижее лъутизе рес щвана, амма битI ккечIо, нахъеги ккуна немцаз. Гьелдаса хадуб гIемераб заманго иналде БагIараб армиялъ ниж эркен гьаруна.



Хасаб цIех-рехалдаса ва медицинаялъул хал гьабиялдаса хадуб фашистаз кьураб гIакъубаялъ загIиплъарал гьал цо моцIалъ лъикIаб квен кьун, хасаб медицинаялъул бербалагьиялда гъоркь рукIана. Гьелдаса хадуб АхIмад ва гьевгун цадахъ рукIарал гIемерисел солдатал тIад руссана часталде.

I943 соналда нилъер аскарал тIолабго къуват бакIарун тIаделъана Советияб ракьалдаса фашистазул хъамалчагIи рачахъиялъе гIоло. Шоферлъун хIалтIулаго АхIмадица гулла-хер, квен чIезабулаан Белоруссиялъул тIоцебесеб фронталъул I9 бригадаялъул танкабазул часталда хадуб. Фашистазул концлагералда чанго нухалъ хвалда бадире ралагьал гьел, бокьараб бакIалда дандчIвазе бегьулеб хвалил санги гьабичIого, гьужумалъ унаан ва жидедаго тIад вахIшияб куцалда гьабураб зулму бахIарчиго бецIулаан.

-Цо нухалъ,-ян ракIалде щвезабулаан АхIмадица, -гIалхулазул гIадал ракIал лъугьарал нижер чангояс цо лъукъарав фашист хадув вехьерхулев вукIана. ГТАялъул танкабазул аскаралъул гвардиялъул командир, кIицIулго Совет Союзалъул БахIарчи Кутуковас, рагъулаб Советалъул член, танкабазул аскаразул генерал Попионица данде гьарун, гьеб вахIшилъи нилъеда рекъоларин лъазабуна, амма нижеего кьураб гIакъубаялъул рецIел гьездаса босичIого тей, гIолохъабазе къабуллъулароан. Нижеца эркен гьарурал Украиналъул ва Белоруссиялъул росабалъгун шагьаразда дандчIварал гIадамаз жидедаго фашистаз гьабураб зулмуялъул бицаралъги гIассилъизабулаан тушманасдехун нижер ццим. Рокъобе кагъат хъваларoан жакъа чIаго вугониги, метер хвезе бегьулилан.

Белоруссиялъул фронталъул бетIерав командирлъун вукIана, Совет СоюзалъулункъцIулго БахIарчи, СССРалъул Верховний Главнокомандующиясул вакил Г. К. Жуков. I945 соналъул I7 апрелалда Эльба гIурул рагIалда гьев кIалъазе вахъана гьазул часталда цеве…- Нилъ бергьенлъиялде гIагарлъун руго, гьалмагъзаби, гIицIго церехун абун лъугIизабуна гьес жиндирго кIалъай. Жуковасул бацIалилан цIар лъун букIана гьеб заманалда гьезул танкабазул часталда немцаз. I945 соналъул 2 маялъ байбихьараб бакIалде, Берлиналде щвезабуна рагъ ва кьуна Бергьенлъиялъул салют.

-Кутакаб рохел букIана нижер ракIазулъ гьел къояз,-ян лъугIизабулаан щибаб нухалда рагъул хабар бицунаго херас.

Гьедин I94I-45 соназда Львовалдаса Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух нахъа тана АхIмад ГIадалаевас. Гьениб бихьизабураб БахIарчилиялъе гIоло гIемерал шапакъатал кьун рукIана гьесие. Гьел ккола «За отвагу», «За взятие Берлина», «За боевые заслуги», «За победу над Германией» ва цогидалги медалал, Сталинил цIар гъоркь хъварал грамотаби, Баркалаялъул кагътал.

Жакъа нилъгун гьечIо гьев бахIарчияв солдат. Амма гIолеб гIелалда кIоченаро гьесул рагъулаб нух.

**САНИЯТ КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**
**«Ахихъан» газеталъул бет1ерай редактор**

Поэзиялъул букIон

# Гьанже рахъа тIаде

Гьанже рахъа къватIир, къвекIал дир цIумал
ЦIадулаб рагъулъе ярагъги борчун,
Бухье воре сапар сабуралдалъун
Салаватги битIун, Аллагьги рехсон

ЦIиркъие чанги къан чакъалабаца
Чара толеб гьечIин нилъер ракьалъе,
Чудкил гIамал бугев гIарччинасул халкъ
Хвалие гъун ругин, гъуре бай гьезда.

ГIадалав Байденил политикаялъ
ЦIадулаб рагъулъе цIан бугин улка,
ЦIа рекIун рухIаял бандеровцазул
Би букарун бугин, биччай гIодобе.

Нилъер умумуца рухI кьун цIунараб
ЦIар берцинаб улка кквей нужецаги,
Каранлъ ракI къвакIарал дир гIолохъаби
ГIорхъи бахинабе, гьел тушбабазда!

Нужги нуха регIун, рокъор хутIарал
Харабаца дугIа гьабила нужей,
Дугъица цIад гIадин, цIадулаб гулла
Гарбилъ речIаниги, гъорлъ къалaредухъ



# ЦIумал гIадал дир васал

ВатIан цIунун рагъарал
ЦIумал гIадал дир васал,
ЦIар зобалазде хъвазе
МустахIикъал бахIарзал!

БахIаралда къвал базе
Къо щвечIел шагьидзаби,
Щиб ракьалда нуж ругел
Кьижун даималъ хутIун.



Нужер цIарал лъуралги
КIудадаби рахъанин,
Руссунариш, нуж рокъой
КъвакIарал гIолохъаби.

Нуж гIолохъаби руго
ГIаздада цIа бакарал,
ЦIадудаса къачIого
Къараб рачел чучичIел.

Чилъи, намусги,яхIги
Ясбер гIадин цIунарал,
Сардилъ цIваби кинигин
КенчIела нуж ракIазулъ!

**Суайбат ХIамзатова**

# Гьас гIумро кьуна Харьковалъе гIоло



ГIабдулаев ХIасан МухIамадович гьавуна I9I8 соналда Унсоколоса ГIубайдулаев ХIасанил вас МухIамадилги МухIастанова Марямилги хъизаналда. ГьитIинго лъаялде рокьи бугев чи вукIун вуго гьев. Гьелъие хIужалъун ккола лъабабилеб классалда цIалулев вукIарав ХIасан 5 классалде вачин. Жиндирго кьерилаздаса цебе школалги лъугIизабун ХIасан цIализе уна Темирхан-Шураялъул (Буйнакскиялъул) педагогикияб училищеялде. Бергьенлъиялда гьебги лъугIизабун хIалтIизе витIула ХъахIабросдал школалде учительлъун, хадувго хIалтIана гьеб школалъул директорлъунги.

ХIасан вукIун вуго батIи-батIияб предметал лъазаризе гьираги бажариги бугев чи. Жеги школалда цIалулеб заманалдаго гьес лъикIго лъазарун руго гIурус ва немец мацIал. Гьесул рукIун руго гIемерал гьудул-гьалмагъзаби, гьезие гIоло хвезе ине хIадурав, кутакалда гьорлъ восарав, лъайги бажариги бугев чи вукIанин бицуна гьев лъалез. Гьесул эбел, дир кIудияй эбел Марямица бицунаан гьев къватIиса рокъове вачIараб заманалда цо параялда жаниб 20 чиги гIолаанин рокъор. Гьезул гIемерисел рукIун руго ХIасанго гIадал учительзаби, Темирхан-Шураялда педучилище лъугIарал. Рехсезин гьезул ганчгоязул цIарал: ГIамирхIамзал ГIусман, Лабазанил НурмухIамадил васал Лабазан ва СултIанмухIамад, ХIажиев Зайнулагь, летчик ГIабдулаев ГIабдулсатар, фельдшер ХIаскъилов МухIамад, росдал Советалъул хIалтIухъан КъурбангIалиев МухIамад ва цогидалги. Гьесул гьудулзабазул 40 чи рехсолаан ХIасанил эбелалъ. Гьел ккола I940 соналъул хаслихъе рагъулаб налъи тIубазабизе Советияб армиялде арал гIолохъаби.

ТIадехун цIарал рехсарал ХIасанил гьудулзабазул цонигияв рагъдаса тIад вуссинчIо, гьез киназго рухI кьуна ВатIаналъе гIоло.

Хъулухъ гьабизе ХIасан ккана Харьков областалъул чотIа рекIаразул армиялде Немцазул фашистал тIаде кIанцIараб мехалъ гьезде дандечIей гьабун буго чотIа рекIаразул эскадроналъги. БитIухъего рагъул кор боркьараб ва тушманас нилъер гIолохъанаб советияб улкаялде кутакаб къуват рехараб заманалда гьезде данде рагъизе ккола гIорхъода гIагардухъ рукIарал рагъухъаби. Гьезда гьоркьов вукIана ХIасанги. Рагъ унеб буго жидеца рагъулъ геб куцалъулги, рагъда жидецаго бихьизабулеб бугеб къо хIехьеялъулги бахIарчилъиялъулги бицун рокъоре гIемерал кагътал ритIун рачIунел рукIун руго гьес. Эбелалъухъе ахирисеб кагъат бачIун буго I94I соналъул ахиралда, декабрь моцIалъ. Кагътида гьес хъван бачIун буго жив лъукъун госпиталалда вугин, анлъго ругъуналдаса цо ругъун хутIун бугин сахлъизе, гьеб сахлъарабго жив нахъеги тушманасде данде вагъизе ине вугилан. Гьелдаса нахъе тIокIалъ хабар бачIун гьечIо ХIасанил. Хадуб I942 соналда гьев хванилан извещение бачIун буго гьебго Харьковалдасан. Гьедин жиндирго гIолохъанаб гIумро жакъасеб талихIаб къоялъе гIоло кьуна росдал цIа гIадал васазул цояв, мугIалим, гIун бачIунеб гIел куцазе кутакалда цIикIкIараб рокьи, гъира, махщел букIарав ХIасан ГIубайдулаевас.

Армиялде унеб мехалъ росулъ гьесул йикIана абурай ясги. Чан ригьин бачIаниги цонигияссе инчIого абурав вачIинегIан анцIгогIан соналъ ялагьун чIун йикIана гьей. ТIад вуссиналдаса хьул къотIун хадуб ана гьей цогидасе. ХIасанил эбел – МухIастанил Марияница баркала кьун буго васасе абун йикIарай ясалъе гьебгощинал саназ росасе инчIого чIаралъухъ.

**ГI. МУХIАМАДОВ.**
**Унсоколо росу**

# Тылалъулгун фронталъул ветеран

ГIалибегов МухIамадхIажи гьавуна I924 соналъул 5 январалда ХъахIабросулъ. I94I соналъул февралалде щвезегIан гIахьаллъана Терек гIоралда рагъулал щулалъаби гьариялъулъ росуцоялгун цадахъ.

I942 соналъул 2 февралалда, гIарзаги кьун ана фронталде, росуцоял Чупанов МухIамадгун, МухIамадов ГIусмангун, Раджабов Лабазангун цадахъ. ТIоцебесеб Украиналъул фронталъул 74 абилеб стрелковияб полкалда рагъулъ кваранаб бох лъукъун ккана госпиталалде. Госпиталалдаса хадув вукIана 92-абилеб стрелковияб полкалъул пулеметчиклъун. Хадув I76 полкалъул снайперлъун. Гьенив хъулухъ гьабулаго МухIамадхIажиясул лъукъана квегIаб гъежги. Татаристаналда сах гьавулеб рагъулаб госпиталалда анлъго моцIги бан, I945 соналъул апрелалда тIад вуссана гIагараб росулъе Мух1амад Х1ажи.



ХIалтIана заготконтораялда заготовительлъун, хадув Максим Горькил цIаралда бугеб колхозалъул бригадирлъун, Гъуниб лесничестваалдаги. МухIамадхIажи вукIана ракI аваданав, кидаго киназего кумекалъе ватулев жамагIатчи. Вукъун вуго Хасавюрт шагьаралда.

**ГIАБДУЛХIАЖИ МУХIАМАДГIАЛИЕВ.**
**ХъахIабросо**

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМОГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 8. 05. 25 г. 15. 50
фактически -16. 50 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.